

# Avi Sou Pwosedri Sante Piblik



<p><b>Kouvèti Figi</b> ka egzije nan sal tribinal la si jij imigrasyon ki prezide a dirije sa.</p>	<p>Prepare w – Gen yon mask ki disponib.</p> <p>Lè li nesesè ak apwopriye, moun ki gen kondisyon medikal ki anpeche yo pòte kouvèti sou figi yo dwe avèti jij la de sityasyon yo.</p>
<p>Pratik <b>Distans Sosyal</b> yo an plas. Ou dwe kenbe yon distans sis pye de moun ou pa rete avèk yo.</p>	<p>Pou yo ka kenbe distans pi byen pandan yap fasilite odyans yo, yo kapab mande w pou deplase oswa kite yon zòn patikilye.</p> <p>Tanpri swiv enstriksyon anlwaye yo oswa siy ki dirije ou a yon zòn espesifik oswa chèz. Si yo ba w enstriksyon pou chita nan yon zòn an patikilye, pa chanje chèz jiskaske anlwaye tribinal la di w ke li akseptab.</p>
<p><b>Lè Pou Tann</b> pou w rantre nan bilding, asansè, epi espas EOIR yo kapab siyifikativman pi long pase nòmal oswa espere.</p>	<p>Kenbe lè pou tan sa yo nan tèt ou otan ke posib — fè aranjman pou rive nan sal tribinal la alè.</p>
<p>Pratik <b>Prezans Limite</b> yo an plas.</p>	<p>Tanpri pa mennen moun nan espas EOIR la sòf si yo oblije la pou odyans ou.</p> <p>Politik prezans nan bilding ak tribinal imigrasyon yo pral aplike.</p>

Pou enfòmasyon espesifik sou ka ou, vizite Pòtay Enfòmasyon Ka Otomatize a oswa rele 800-898-7180 epi mete nimewo enskripsyon ki asosye ak ka ou.

Pou enfòmasyon sou pwosedri tribinal imigrasyon yo epi resous pou asiste ou ak ka ou, tanpri vizite Resous Tribinal Imigrasyon Sou Entènèt la (ICOR).

Dènye Mete ajou: Me 2021